

Patient Education

Enstriksyon pou egzemat pasyan ki gen COVID-19

You must carefully read the "Consumer Information Use and Disclaimer" below in order to understand and correctly use this information

Apwopo sijè sa a

Yon lòt non yo konn bay maladi kowonaviris 2019 se COVID-19. Se yon maladi viral ki enfekte poumon yo. Se yon viris yo rele kowonaviris ki mache ak SARS (SARS-CoV-2) ki lakòz li.


Leplisouvan, sentòm COVID-19 yo parèt kèk jou apre ou pran enfeksyon an. Sentòm yo ka pran plis tan toujou pou yo parèt kay kèk moun. Gen lòt moun ki pa janm gen sentòm enfeksyon an. Ou ka gen tous, lafyè, frison kote tout kò w ap tranble ak difikilte pou respire. Ou ka fatige anpil, mis ou yo ka fè w mal epi ou ka gen yon tèt fè mal oswa yon malgòj. Kèk moun gen lestomak deranje oswa dyare. Gen lòt moun ki pa gen pran sant oswa gou ankò. Ou ka pa sibi sentòm sa yo toutan, lèfini gen sentòm ki ka parèt oswa disparèt pandan peryòd ou malad la.

Yon moun ka gaye viris la fasil atravè ti gout l ap voye lè l ap pale, estènen oswa touse. Ou ka bay lòt moun viris la lè w ap pale oswa chante toupre yo, lè ou bay yo akolad, lè ou pataje manje avèk yo oswa lè ou bay yo lamen. Doktè yo panse mikwòb yo rete an vi tou sou sifas tankou tab, pwaye pòt ak telefòn. Sepandan, nòmalman se pa konsa COVID-19 plis gaye. Doktè yo panse ou ka gaye enfeksyon an menm si w pa gen okenn sentòm, byenke yo pa konnen ki jan sa fèt. Se pou rezon sa a kenbe distans se youn nan pi bon fason moun yo ka anpeche viris la gaye.

Gen moun ki gen COVID-19 san yo pa soufri twòp e yo ka rete lakay yo san yo pa gen kontak ak lòt moun jiskaske yo refè. Gen lòt moun ki ka bezwen entènè lopital si yo malad anpil. Gen moun ki gen COVID-19 ki gen sentòm pou plizyè semèn oswa plizyè mwa. Moun ki gen COVID-19 yo dwe izole tèt yo. Ou ka kòmanse pwoche kot lòt moun lè doktè w fè w konnen ou ka fè sa san danje.


Image Filename

Lavaj men



Fwote pandan
20 segonn

Dezenfeksyon men



Ki swen y ap bezwen bay lakay?

- Mande doktè w ki sa w ap bezwen fè lè w retounen lakay ou. Pa ezite poze doktè a kesyon si l di kèk bagay ou pa fin konprann.
- Bwè anpil dlo, ji oswa bouyon pou ranplase likid ou pèdi yo akòz lafyèv la.
- Ou gendwa sèvi ak yon imidifikatè ki voye vapè frèt pou soulaje nen bouche a ak tous la.
- Kage tèt ou sou de twa zorye lè ou kouche pou respire e pou dòmi pi fasil.
- Pa fimen ni bwè byè, diven ak lòt bwason ki gen alkòl.
- Pou gen mwens chans pou gaye enfeksyon an bay lòt moun:
 - **Mete yon kach-nen ki kouvri bouch ou ak nen w si gen lòt moun bò kote w** ki pa malad. Kach-nen ki fèt an twa l yo pi efikas si yo fèt ak plizyè kouch twal.
 - Lave men w souvan.
 - Rete nan yon chanm apa lakay ou san w pa gen kontak ak lòt moun. Soti sèlman pou w jwenn swen medikal.
 - Sèvi ak yon twalèt apa, si sa posib.
 - Pa fè manje pou lòt moun.

Ki suivi y ap bezwen bay?

- Doktè w gendwa mande w vin nan biwo li plizyè fwa pou l ka suiv eta w. Pinga w manke randevou sa yo. Veye pou mete yon kach-nen lè w ale kay doktè w.
- Si sa posib, fè pèsonèl medikal la konnen davans ou gen COVID-19 pou yo ka pran plis prekosyon pou anpeche maladi a gaye.
- Ou ka bezwen plizyè semèn pou sante w vin nòmal ankò.

Ki medikaman ki gendwa nesèsè?

Doktè a gendwa mande medikaman pou:

- Ede w respire
- Soulaje lafyèv la
- Soulaje anfleman nan vwa respiratwa yo ak poumon yo
- Kontwole tous la
- Soulaje yon malgòj
- Soulaje nen k ap koule oswa nen bouche

Èske aktivite fizik yo ap vin limite?

Ou ka gen pou limite aktivite fizik ou yo. Mande doktè w ki kantite aktivite ki bon pou ou. Si COVID-19 te fè w malad anpil, ou ka bezwen yon bon ti tan pou rejwenn tout fòs ou.

Èske y ap bezwen bay lòt kalite swen?

Doktè yo pa konnen pou konbyen tan ou ka transmèt viris la bay lòt moun apre w tonbe malad. Se poutèt sa li enpòtan pou w rete nan yon chanm apa lè ou malad, si sa posib. Pou kounye a, doktè yo bay kèk enstriksyon jeneral w ap gen pou suiv apre ou te pran maladi a. Anvan ou pwoche kot lòt moun, ou ta dwe ranpli kondisyon sa yo:

- Pa gen lafyèv pou 3 jou san se pa medikaman pou bese lafyèv la ou te pran
- Pa gen sentòm tous ni souf kout
- Tann omwen 10 jou apre premye sentòm yo te parèt oswa apre premye tès pozitif ou, lèfini ou pa gen sentòm jan sa endike pi wo a. Kèk ekspè rekòmande tann 14 jou. Kantite tan ou ta dwe fè pandan w ap evite lòt moun ka depann de gravite sentòm ou yo oswa li ka chanje si w gen pwoblèm ak sistèm iminitè w.

Pafwa, doktè yo ap mande w jwenn rezilta negatif nan 2 tès COVID-19 ki pa t fèt nan menm jou a. Mete sou sa, doktè yo pa konnen si w ka pran viris sa a ankò. Ekspè yo rekòmande pou w pran yon vaksen kont COVID-19 la kou li vin disponib.

Ki pwoblèm ki gendwa parèt?

- Pèdi likid. Yo rele sa dezidratasyon.
- Domaj akoutèm oswa alontèm nan poumon yo
- Pwoblèm kè
- Lanmò

Ki sa w ka fè pou anpeche pwoblèm sante sa a rive?

- Mete yon kach-nen ki fèt an twal oswa yon lòt pwoteksyon pou figi a ki fèt ak plizyè kouch twal e ki kouvri bouch ou ak nen w:
 - Lè ou pa lakay ou. Li pi bon pou w rete lakay ou toutotan sa posib. Soti pou al achte manje oswa medikaman sèlman. Si w oblije gen lòt moun toupre w, eseye kenbe yon distans omwen 6 pye (1,8 mètr) avèk yo.
 - Si w malad akòz COVID-19 la, lèfini ou oblije rete nan menm chanm ak lòt moun. Li pi bon pou w rete nan yon chanm apa pandan ou gen COVID-19.
 - Lè w ap pran swen yon moun lakay ou ki gen COVID-19. Li ka bon tou si w mete gan.
 - Si w gen sentòm COVID-19, lèfini gen lòt moun bò kote w. Li pi bon pou w rete nan yon chanm apa.
 - Si w gen anpil risk pou pran COVID-19 la, lèfini gen lòt moun bò kote w.
- Lave men w kou ou retire kach-nen an twal la oswa pwoteksyon pou figi w la. Veye pou pa manyen je w, nen w oswa bouch ou lè ou retire kach-nen w.

- Lave men w souvan avèk dlo ak savon pandan omwen 20 segonn, sitou apre w fin touse oswa estènen. Dezenfektan pou men ki gen omwen 60 pousan alkòl ladan yo bon tou pou touye viris la. Fwote men w avèk dezenfektan an pandan omwen 20 segonn.
- Evite kote ki chaje ak moun. Menm yo ti gwoup piti ka gen danje. Eseye rete lakay ou toutotan sa posib. Si w oblije rete nan yon gwoup moun, lave men w souvan. Yon rasanbleman ki fèt deyò ka gen mwens danje pase yon rasanbleman ki fèt anndan. Eseye kenbe yon distans omwen 6 pye (1,8 mè) ak lòt moun. Evite bay moun lamèn, akolad oswa papach. Evite manyen figi w.
- Otorite vil ak eta yo ka mete yon limit sou kantite moun ki ka rasanble. Yo gendwa mande w rete lakay ou epi li enpòtan pou w suiv enstriksyon sa a toutotan sa posib.
- Si w oblije vwayaje, verifye si gen alèt pou peyi ak rejyon ki afekte akòz COVID-19, epi evite zòn sa yo. Gen kèk zòn kote y ap mande w mete tèt ou an karantèn anvan ou deplase. Sa vle di pa soti an piblik ni pa frekante pèsoun pandan 14 jou anvan vwayaj la.
- Kouvri bouch ou ak nen w ak yon mouchwa lè w ap touse oswa estènen. Ou ka touse nan koud ou tou. Toujou jete mouchwa yo nan bwat fatra epi lave men w apre w fin sèvi ak yon mouchwa.
- Evite manyen figi w ak men w, sitou bò nen w ak bouch ou.
- Siye bagay ak sifas moun manyen souvan avèk yon ti sèvyèt pou netwaye kay oswa ak yon flit ki gen pwodui netwayaj. Li etikèt la pou verifye si pwodui a ka touye viris yo.
- Mete yon rad lopital, yon kach-nen ak gan si w pral gen kontak ak san, ak flèm oswa ak lòt likid ki soti nan kò yon moun ki gen COVID-19. Sa gen ladan l rete bò kote yon moun ki gen COVID-19 la poutèt li ka gaye mikwòb lè l ap pale oswa touse.

Ki lè mwen bezwen rele doktè a?

- Sentòm enfeksyon. Kèk ladan yo se lafyèv ki rive oswa ki depase 100,4°F (38°C), frison, tous, plis kracha oubyen chanjman nan koulè kracha a.
- Respirasyon an vin pi mal: li pi difisil oswa li pi rapid pase jan l te konn ye anvan an, oswa ou jwenn mwens lè
- Difikilte pou respire lè ou kouche sou do w
- Ou oblije panche devan pou respire pi fasil lè ou chita
- Pwent dwèt ou, zong ou, po w oswa po bouch ou ble

Repete sa w sot tande pou ede w konprann

Metòd refòmilyasyon an ap ede w konprann enfòmasyon nou ba w yo. Apre w fin pale ak pèsònèl medikal la, di yo sa w fèk tande nan pwòp mo pa w. Konsa pèsònèl medikal la pral konnen si yo te di w tout sa ki nesèsè yon fason ki klè. Li bon pou ou tou paske ou ka vin konprann pi byen yon seri bagay ki te gendwa pa klè. Anvan w al lakay ou, asire w ou kapab fè bagay sa yo:

- Mwen ka pale avè w sou eta mwen.
- Mwen ka di w ki bagay ki gendwa ede m respire pi fasil.

- Mwen ka di w ki bagay mwen ka fè pou pa gaye enfeksyon an bay lòt moun.
- Mwen ka di w ki sa mwen pral fè si mwen difikilte pou respire; si mwen gen dòmi nan je oswa twoublay; oubyen si pwent dwèt mwen yo, zong mwen yo, po mwen oswa po bouch mwen vin ble.

Itilizasyon ak dechaj responsablite konsènan enfòmasyon konsomatè yo:

Enfòmasyon sa yo pa reprezante okenn konsèy medikal an patikilye, epitou yo pa ranplase enfòmasyon ou jwenn nan men pwofesyonèl sante w la. Yo se sèlman yon ti rezime enfòmasyon jeneral. Se PA tout enfòmasyon ki egziste sou kondisyon, maladi, blese, tès, pwosedi, tretman, terapi, enstriksyon pou egzeyat yon pasyan oswa chwa konsènan mòd devi ki gendwa aplike nan sitiyasyon pa w. Ou dwe pale avèk pwofesyonèl sante w la pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen sou sante w ak opsyon tretman ou genyen. Ou pa ta dwe itilize enfòmasyon sa yo pou deside si pou aksepte oswa si pou pa aksepte konsèy, enstriksyon oswa rekòmandasyon pwofesyonèl sante w la. Se sèl pwofesyonèl sante w la ki gen ase konesans ak fòmasyon pou ba w konsèy ki bon pou ou.

Last Updated 7/14/21



© 2021 UpToDate, Inc. and its affiliates and/or licensors. All rights reserved.